

4. Katriyèm chantye

Kriminalize fwod fiskal, fè moun ki chèf ak sivil bay rapò e goumen kont kòripsyon sou tout longè l.

5. Senkyèm chantye

Fè Leta a tounen yon Leta kote tout moun gen menm dwa e Kote lalwa aplike pou tout moun e kont tout moun.

6. Sizyèm chantye

Fè fanm ak gason gen menm chans pou yo travay e antre nan Leta.

7. Setyèm chantye

Bay jenès la yon edikasyon kalite pou sosyete a jwenn pi bon sèvis.

8. Huitiyèm chantye

Akonpaye jèn yo pou yo entegre aparèy Leta oubyen biznis prive. Kreye kondisyon pou yo rete viv ak travay nan peyi a.

9. Nevyèm chantye

Pèmèt dyaspora a jwe wòl li nan aktivite politik, ekonomik, sosyal, kiltirèl e moral peyi a.

10. Dizyèm chantye

Kreye enèji dirab pou popilasyon an, pou pèmèt Leta e popilasyon an mwens depanndan de èd entènasyonal.

11. Onzyèm chantye

Pwoteje anviwònman peyi a e lite kont chanjman klima a. Sa vle di aplike pwogram nasyonal rebwazman ak pwoteksyon flan tèt mòn yo ak patisipasyon tout popilasyon an nan koudakoud epi goumen kont degradasyon fizik peyi a.

12. Douzyèm chantye

Prezève e valorize patrimwàn istorik, kiltirèl, achitektiral, atistik, atizanal e gastronomik peyi a.



F) ki kalite leta MTVAYITI swete kreye ?

- 1- Yon wòl estratèj ou òganizatè
- 2- Yon wòl regilatè ou poto mitan
- 3- Yon wòl fasilite
- 4- Yon wòl akonpayatè
- 5- Yon wòl founisè sèvis esansyèl yo
- 6- Yon wòl pwotektè pou kouch ki pi frajil yo.

AN REZIME, MTVAYITI GENYEN :

- 3 modèl yo,
- 4 pilye yo,
- 7 ideyal yo,
- 12 chantye

pou yon Leta ki gen 6 wòl fondamantal.



YON LÒT KALKIL

REZIME POU FÒMASYON MANM YO



+ 509 37.75.63.13



www.mtvayiti.ht

Se Mèt Prospèrè Théismé, avoka, animatè, ki prepare ti dokiman sa

MTVAYITI

A- Kisa MTVAYITI vle di?

MTVAYITI vle di :

- M= Mouvman
- T= Transfòmasyon
- V= Valorizasyon
- Ayiti = Ayiti

MOUVMAN POU TRANSFÒMASYON AK VALORIZASYON AYITI

B- Ki mak fabrik li?

MTVAYITI se yon Pati Politik modèn, estriktire, enklizif ak demokratik. Batistè MTVAYITI gen orijin li nan ideyal 3 nan Zansèt nou yo :

1. Toussaint -Louverture
2. Jean-Jacques Dessalines
3. Henry Christophe

C- Ideyoloji

Ki ideyoloji MTVAYITI ?

MTVAYITI se yon Pati Politik Sant Gòch. Nou nan mitan wonn jwèt la sou lèl gòch teren politik la. Ideyoloji sa esplike nan wòl Leta dwe jwe nan devlopman politik ak ekonomik Peyi a.

D- Kòman pou yon Moun byen konprann MTVAYITI?

Pou byen konprann MTVAYITI kòm Pati Politik gen 4 demach esansyèl ou bezwen konnen :

1) Premye bagay esansyèl ou bezwen konnen.

MTVAYITI CHWAZI 3 MODÈL SITWAYEN PAMI ZANSÈT YO:

- A. TOUSSAINT LOUVERTURE
- B. JEAN-JACQUES DESSALINES
- C. HENRY CHRISTOPHE

Se nan lavi, konpòtman ak aksyon 3 zansèt sa yo MTVAYITI enspire l pou bay egzistans li sans.

A. NAN TOUSSAINT LOUVERTURE :

- Libète
- Egalite

B. NAN JEAN-JACQUES DESSALINES :

- Inite Nasyonal
- Jistis Sosyal ak Refòm Ekonomik
- Souverènte Nasyonal ak Entegrite Tèritwa a

C. NAN HENRY CHRISTOPHE :

- Fyète, Grandè e Efikasite
- Bon Rezilta
Bon Rezònman

2- Dezyèm bagay li bezwen konnen se:

KAT (4) POTO MITAN OU PILYE KI KONSTITUYE MILITANS LI :

- **JENÈS LA** ki se 52 pou 100 popilasyon an
- **FANM YO** ki se sektè ki bezwen plis jarèt pou entegre tout domenn nan sosyete a, administrasyon piblik, aktivite ekonomik ak politik sou baz prensip 50/50.
- **PEYIZAN YO** ki jwe yon wòl enpotan nan pwodiksyon nasyonal, ki viktim neglijan Leta a. Sektè peyizan an dwe jwenn api ak akonpayman san blòf Leta ak gouvènman an.

- **DYASPORA.** Si pa t gen dyaspora a peyi a t ap pi mal. Se dyaspora a ki ede nou kenbe peyi a sou pye. Li voye Ayiti anpil milyon dola vèt chak ane alòske peyi a anpeche l patisipe nan tout gwo desizyon politik ak ekonomik.

3. Twazyèm bagay li bezwen konnen se:

7 IDEYAL LI KI SOTI NAN 3 ZANSÈT YO.

Ann chèche konprann ki sa yon ideyal (idéal) ye.

Yon ideyal se yon modèl ke yon moun ka pran kòm ekzanp pou li fè yon bagay k ap bon pou li.

MTVAYITI tire 7 ideyal li yo konsa :

1. Libète
2. Egalite
3. Inite nasyonal
4. Jistis sosyal
5. Souverènte nasyonal ak refòm ekonomik
6. Fyète, Grandè e Efikasite
7. Bon Rezònman / Bon Rezilta

E- Men kòman pou nou rive reyalize 7 ideyal yo?

Pou nou rive la, nou bezwen kreye 12 chantye, ki mache sou 12 chemen ou wout ou "VWA":

1. Premye chantye:

Regle koze pwodiksyon nasyonal la e kreye anpil djòb.

2. Dezyèm chantye.

Fòk nou fè ekonomi nou pran manm, kreye byen ak richès epi pataje richès yo bay tout moun (*tout moun jwenn / jistis sosyal*).

3. Twazyèm chantye

Modènize sosyete a nan fè konpetans jwe wòl li pou gen efikasite nan travay Leta.